**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ ҚАРАРЫ**

**ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ЖЎҚОРҒИ КЕНГЕСИ ПРЕЗИДИУМИНИНГ ҚАРОРИ**

---

**Қарақалпақстан Республикасында 2026-жылда мәмлекетлик көшпес мүлктен пайдаланғанлық ушын ижара төлеминиң ең кем муғдарын белгилеў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасының «Ижара ҳаққында»ғы Нызамы, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2025-жыл 23-июньдағы ПП-98-санлы Пәрманы ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2023-жыл 14-декабрьдеги «Мәмлекетлик мүлкти ижараға бериў тәртибин жәнеде жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы 660-санлы қарарына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин 2026-жыл 16-январьдағы 02-05/9-01/51-санлы усыныс хатын инабатқа алып, «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Регламенти ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 16-статьясы 3-бөлимине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумы

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2026-жылда мәмлекетлик көшпес мүлктен пайдаланғанлық ушын ижара төлеминиң ең кем муғдарын белгилеў ҳаққындағы усынысы мақуллансын.

2. Төмендегилер:

- Қарақалпақстан Республикасында 2026-жылда мәмлекетлик көшпес мүлктен пайдаланғанлық ушын 1 кв.метр ижара төлеминиң ең кем муғдары 1-қосымшаға муўапық;

- мәмлекетлик көшпес мүлктен пайдаланғанлық ушын ижара төлеминиң ең кем муғдарына қолланылатуғын коэффициентлер 2-қосымшаға муўапық;

- санаат зоналары аймақларындағы мәмлекетлик көшпес мүлкти ижараға бериўде қолланылатуғын 1 кв.метр ушын ижара төлеминиң ең кем муғдары 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Мәмлекетлик мүлк объектлеринен нәтийжели пайдаланыў орайының Қарақалпақстан Республикасы аймақлық басқармасы (Б.Ембергенов), Салық басқармасы (Х.Бекчанов) қала ҳәм район ҳәкимликлери, тийисли министрлик ҳәм шөлкемлер менен биргеликте:

- аймақларда ижара қатнасықларының тәртипке салыныўын;

- ижараға берилип атырған мәмлекетлик мүлклер есабының дурыс жүргизилиўин ҳәм бюджетке түсимлердиң өз ўақтында өндирилиўин тәмийинлесин.

4. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси усы қарардың «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» ҳәм «Қорақалпоғистон тонги» газеталарында жәрияланыўын ҳәм Министрлер Кеңесиниң арнаўлы веб-сайтына жайластырылыўын тәмийинлесин.

5. Усы қарар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезектеги сессиясына тастыйықлаў ушын усынылсын.

6. Усы қарардың орынланыўын нәтийжели шөлкемлестириў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары Н.Ерлепесовқа, қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Бюджет, экономикалық реформалар, инвестициялар ҳәм инновация мәселелери комитети баслығы Б.Сейтназаровқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы** **А.Орынбаев**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI JOQARĞI KEŃESINIŃ APPARATI
QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI JO'QARG'I KENGESI
ULIWMA BÓLIM
UMUMIY BO'LIM

Нөкис қаласы, 27-январь 2026-жыл
№ 568

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президиумының
2026-жыл «27» январь
568 - санлы қарарына
1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасында 2026-жылы мәмлекетлик көшпес мүлктен пайдаланыў 1 кв.метр ушын ижара төлеминиң кем ставкалары**

*(экономикалық тараўлар ҳәм тармақлар бойынша)*

| № | Ижараға берилетуғын майданлардан пайдаланыў мақсети | 2026-жылы 1 кв.метр майдан ушын жыллық ең кем ижара төлеми ставкалары *(ҚҚС менен бирге)* | |
|---|---|---|---|
| | | Нөкис қаласында | Районларда |
| | **Ислеп шығарыў** | | |
| 1 | Ислеп шығарыў түрлери бойынша (химия, нефть, машина инжинерия, есаплаў техникалары, тракторсазлық, хожалық үскенелер, санитария, металл, темеки, электроника ҳәм сантехника өнимлери ҳәм үскенелери) | 17 500 | 12 400 |
| 2 | Резина ҳәм пластмасса буйымлар ислеп шығарыў | 55 300 | 40 100 |
| 3 | Электр энергия ислеп шығарыў | 17 500 | 12 400 |
| | **Қурылыс санааты** | | |
| 4 | Қурылыс өнимлери санааты (асфальт, битум, тас саралаў, шлакоблок, пенаблок, газоблок, сываў өнимлери, гипсокартон, туникафон, шифер, цемент, сенвич панель ислеп шығарыў ҳәм ағашты қайта ислеў) | 17 500 | 12 400 |
| 5 | Әйнек, қапылар ҳәм мебель ислеп шығарыў санааты (ағаштан) | 58 100 | 37 700 |
| 6 | Әйнек, қапы ҳәм мебеллер ислеп шығарыў (пластик, алюмин ҳәм МДФдан) | 92 500 | 52 900 |
| | **Жеңил санаат** | | |
| 7 | Жеңил санаат түрлери бойынша (тоқымашылық, тигиншилик, тери, аяқ кийим, селлюлоза-қағаз санааты) | 17 500 | 12 400 |
| | **Азық-аўқат санааты** | | |
| 8 | Азық-түлик өнимлери ислеп шығарыў (май, гөш, балық, ишимлик, ун, кондитер өнимлери ҳәмде аралас жем санааты) | 17 500 | 12 400 |
| 9 | Шарўа (қой) буйымларын сойыў ҳәм сатыў (атап айтқанда қассапхана) | 49 300 | 35 500 |
| 10 | Сүт өнимлери санааты | 34 200 | 24 700 |
| 11 | Нан ҳәм қәлипли (булка) нан өнимлери ислеп шығарыў | 49 300 | 30 800 |

| № | Ижараға берилетуғын майданлардан пайдаланыў мақсети | 2026-жылы 1 кв.метр майдан ушын жыллық ең кем ижара төлеми ставкалары<br>*(ҚҚС менен бирге)* | |
|---|---|---|---|
| | | Нөкис қаласында | Районларда |
| **Аўыл хожалығы** | | | |
| 12 | Өсимликтаныў (тоғай хожалығы ҳәм бағлар) 1 гектар жер майданы ушын | 7 037 300 | 5 040 200 |
| 13 | Ыссыхана хожалығы 1 гектар жер майданы ушын | 17 550 100 | 12 100 100 |
| 14 | Шарўа ҳәм қус жетистириў (бағыў) | 8 400 | 6 200 |
| 15 | Балықшылық (соның ишинде жасама майдан) 1 гектар ушын | 15 757 300 | 10 490 200 |
| 16 | Пал ҳәррешилик 1 гектар жер майдан ушын | 4 574 700 | 3 276 500 |
| **Транспорт ҳәм байланыс** | | | |
| 17 | Транспорт инфраструктуралары (автобус парки, такси парки, автомобиль тоқтаў орны, гараж) | 17 500 | 12 400 |
| 18 | Транспорт инфраструктурасы (жәрийма майданшалары) | 9 000 | 4 500 |
| 19 | Автомобиль жуўыў орынлары | 56 500 | 35 600 |
| 20 | Автомобиллерге жанар май қуйыў шақапшасы (бензин, дизель) | 61 600 | 45 900 |
| 21 | Автомобиллерге жанар май қуйыў шақапшасы (газ қуйыў шақапшалары) | 68 670 | 49 750 |
| 22 | Электромобиллерди қуўатлаў шахабшалары | 29 900 | 21 700 |
| 23 | Жеңил автомашиналар ҳәм басқа түрдеги транспорт қуралларын ремонтлаў ҳәм техникалық хызмет көрсетиў | 56 400 | 40 300 |
| 24 | Вулканизация, кепсерлеў, темирши усталық жумысларының барлық түрлери | 42 900 | 31 000 |
| 25 | Халық буйыртпасына тийкарланып жүк тасыў ҳәм транспорт хызметлери | 31 800 | 22 900 |
| 26 | Почта байланысы ҳәм курер хызмети | 39 200 | 28 400 |
| 27 | Электро-өткериўши байланыс (ЎИФИ Роутер) | 35 300 | 25 100 |
| 28 | Радио, уялы байланыс ҳәм пейджер байланыслары (имаратларды есапқа алған ҳалда аймақ әтирапында) | 147 900 | 106 000 |
| **Саўда ҳәм улыўма аўқатланыў** | | | |
| 29 | Көтере саўда | 49 300 | 35 500 |
| 30 | Өнимлерди (хызметлерди) бөлеклеп саўда жумысын әмелге асырыўшы көтере саўда базарларындағы саўда дүканлары | 126 600 | 90 500 |
| 31 | Усақлап сатыў | 49 300 | 35 500 |
| 32 | Сатыўшысыз электрон үскенелер арқалы усақлап сатыў саўданы шөлкемлестириў | 119 700 | 97 900 |

| № | Ижараға берилетуғын майданлардан пайдаланыў мақсети | 2026-жылы 1 кв.метр майдан ушын жыллық eң кем ижара төлеми ставкалары *(ҚҚС менен бирге)* | |
|---|---|---|---|
| | | Нөкис қаласында | Районларда |
| | | | |
| 33 | Улыўма аўқатланыў (тәбийғый ҳәм жасалма суў ҳәўизлери ҳәмде дәрья бойында балық өнимлери ҳәм тағамлары саўдасы, фаст фуд) | 50 600 | 36 600 |
| 34 | Китап дүканлары | 6 900 | 5 200 |
| 35 | Ломбардлар | 63 700 | 45 600 |
| **Хызмет көрсетиў** | | | |
| 36 | Хызмет көрсетиў түрлери бойынша (хожалық буйымларын ижараға бериў, көшпели мүлк пенен байланыслы хызметлер, реклама ҳәм көргизбелер, геодезия ҳәм гидрометеорология) | 49 300 | 35 500 |
| 37 | Дәстурий тәмийнат өнимлери, интернет ҳәм компьютер тармақлары арқалы хызмет көрсетиў (нусқа көшириў) | 40 000 | 25 000 |
| 38 | Компьютер ойынларын шөлкемлестириў | 73 950 | 53 100 |
| 39 | Мийманхана хожалығы | 56 400 | 40 300 |
| 40 | Улыўма жасаў жайлары (сондай-ақ студентлер ҳәм оқыўшылар турар жайлары) | 43 900 | 30 800 |
| 41 | Хожалық хызметтиң өндирислик емес түрлери (ветеринария хызметлери, химиялық тазалаў ҳәм бояў, автомобиль, велосипед, самокатларды ижараға бериў, пахта ҳәм жүн тазалаў ҳәм титиў ҳәмде кеўил көтериўши қурылмалар жайластырыў) | 28 400 | 20 200 |
| 42 | Машина ҳәм үскенелерди ремонтлаў | 17 500 | 12 400 |
| 43 | Жойбарлаў, жойбарлаў-изертлеў шөлкемлери | 39 200 | 28 400 |
| 44 | Полиграфия санааты | 42 900 | 35 500 |
| 45 | Аўыл хожалығына хызмет көрсетиўши шөлкемлер | 39 200 | 28 400 |
| 46 | Суў жағасында хызмет көрсетиў жайлары (пляж зоналары, балық тутыў мәканлары, қайықта жүзиў ҳәм суў саяхаты ҳәм суў жағасында туризм хызметлерин шөлкемлестириў) * | 35 300 | 25 100 |
| 47 | Қуяш панеллери ҳәм суў қыздырыў қурылмаларын жайластырыў | 8 400 | 6 150 |
| 48 | Шаштәрезхана, фотосалон, модалар ателеси, аяқ кийим устаханасы | 42 500 | 30 800 |
| 49 | Монша | 84 900 | 60 700 |
| 50 | Сауна ҳәм бассейнлер | 169 000 | 121 100 |

| № | Ижараға берилетуғын майданлардан пайдаланыў мақсети | 2026-жылы 1 кв.метр майдан ушын жыллық ең кем ижара төлеми ставкалары *(ҚҚС менен бирге)* | |
|---|---|---|---|
| | | Нөкис қаласында | Районларда |
| | **Туризм хызметлери** | | |
| 51 | Мәдений мийраслар объектлеринде өнерментшилик түрлери бойынша (мыскерлик, зергерлик, нағыс ойыўшылық, сүўретшилик, тақыя тоқыў, малақай, шөгирме, шапан ҳәм т.б) | 52 600 | 41 100 |
| 52 | Өнерментшилик түрлери бойынша (естелик комплекслерин соғыў, мыскерлик, зергерлик, нағыс ойыўшылық, сүўретшилик, тақыя тоқыў, малақай, шөгирме, шапан ҳәм т. б) | 41 700 | 30 200 |
| 53 | Мәдений мийраслар объектлеринде хостел ҳәм мийманхана хызметлерин шөлкемлестириў | 98 900 | 77 100 |
| 54 | Мәдений мийраслар объектлеринде саўда хызметлерин көрсетиў (естелик буйымлары, сыйлықлар, өнерментшилик өнимлери ҳәм т. б) | 77 200 | 55 400 |
| 55 | Мәдений мийраслар объектлеринде улыўма аўқатланыў шақапшалары (ресторан, кафе, фас-фуд ҳәм т. б) | 88 000 | 62 900 |
| 56 | Мәдений кеўил ашар орайлары (бильярд, ойын автоматлары, дискотека) | 56 400 | 40 300 |
| | **Денсаўлықты сақлаў** | | |
| 57 | Емлеў орынлары (стационар емлеў) | 35 250 | 25 100 |
| 58 | Емлеў орынлары (сондай-ақ лаборатория, операция блогы, стоматология, физиотерапия) | 108 500 | 86 700 |
| 59 | Медициналық әсбап-үскенелерди орнатыў (массажлайтуғын стуллар, МРТ, УЗИ, МСКТ, рентген ҳәм басқа қурылмалар) | 124 500 | 104 100 |
| 60 | Медицина санааты (медицина буйымлары, әсбап-үскенелер ҳәм дәри өнимлерин ислеп шығарыў) | 135 300 | 113 500 |
| 61 | Фитобар | 24 400 | 17 500 |
| 62 | Дәриханалар (оптикалық, медицина инвентарьларын ҳәм үскенелерди сатыў) | 59 300 | 31 900 |
| 63 | Протез-ортопедия үскенелерин таярлаў ҳәм ремонтлаў | 35 250 | 25 100 |
| 64 | Социаллық дәриханалар | 25 100 | 16 400 |
| | **Дене тәрбия ҳәм спорт** | | |
| 65 | Спорт майданлары (стадионлар) | 32 000 | 26 500 |
| 66 | Спорт заллары (қол урысы, каратэ, гүрес, самбо, еркин гүрес ҳәм т.б) | 17 500 | 12 400 |
| 67 | Фитнес ҳәм жеңил атлетика заллары | 139 600 | 117 800 |

| № | Ижараға берилетуғын майданлардан пайдаланыў мақсети | 2026-жылы 1 кв.метр майдан ушын жыллық ең кем ижара төлеми ставкалары *(ҚҚС менен бирге)* | |
|---|---|---|---|
| | | Нөкис қаласында | Районларда |
| | **Билимлендириў** | | |
| 68 | Мәмлекетлик емес билмлендириў шөлкемлери (жоқары ҳәм орта билим бериў мәкемелери) | 35 250 | 25 100 |
| 69 | Мектепке шекемги тәрбия шөлкемлери (мәмлекетлик емес шөлкемлер ушын) | 13 000 | 9 000 |
| 70 | Таярлаў курслары (Ай ти, билимлерди жетилистириў ҳәм репитеторлық) | 58 100 | 42 100 |
| 71 | Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериў орынларда улыўма аўқатланыў | 34 400 | 24 800 |
| 72 | Орта арнаўлы билимлендириў мәкемелеринде (атап айтқанда мектеплерде) улыўма аўқатланыў | 25 900 | 18 600 |
| 73 | Мәденият ҳәм көркем өнер | 49 300 | 35 500 |
| 74 | Көргизбелер | 38 100 | 28 500 |
| 75 | Мәдений дем алысты шөлкемлестириў (бағлар, зоопарклар, телевидениелар ҳәм радиоеситтириўлер редакциялары) | 35 250 | 25 100 |
| 76 | Киностудиялар, даўыс жазыў студиялары | 56 400 | 40 300 |
| 77 | Пән ҳәм илимий хызметлер көрсетиў | 21 400 | 15 100 |
| 78 | Автомектеплер | 31 300 | 17 900 |
| 79 | Оқыў әмелият полигонлары (тест тәжирийбе ҳәм сынақ майданлары) | 17 500 | 12 400 |
| | **Финанс-кредит хызмети** | | |
| 80 | Финанс, кредит, пенсия тәмийинаты (қамсызландырыў ҳәм аудитор хызметинен тысқары) | 49 300 | 35 500 |
| 81 | Аудиторлық хызмети | 49 300 | 33 200 |
| 82 | Бухгалтерия ҳәм салық сервис хызметлери | 77 200 | 55 400 |
| 83 | Маркетинг тәжирийбелери, бизнес, финанс ҳәм басқарыў ислери бойынша масләҳатханалар | 49 300 | 35 500 |
| 84 | Банкоматлар | 705 300 | 505 000 |
| 85 | Пайнетлер | 141 400 | 101 100 |
| 86 | Түрли хызмет түрлери ушын төлем қабыллаў мәканлары (кассалар) | 141 400 | 101 100 |
| 87 | Фронт-офислар (Банклер ушын) | 60 200 | 49 300 |
| 88 | Банк хызметлери офиси | 49 300 | 35 500 |
| 89 | Қамсызландырыў хызметлери | 42 500 | 35 500 |
| 90 | Авиа кассалар (сондай-ақ темиржол, автотранспорт ҳәм басқалар) | 77 200 | 55 400 |

| № | Ижараға берилетуғын майданлардан пайдаланыў мақсети | 2026-жылы 1 кв.метр майдан ушын жыллық ең кем ижара төлеми ставкалары (ҚҚС менен бирге) | |
|---|---|---|---|
| | | **Нөкис қаласында** | **Районларда** |
| | **Басқа хизмет түрлери** | | |
| 91 | Нотариал хызметлер | 49 300 | 35 500 |
| 92 | Суд ҳәм юридикалық хызмет мәкемелери ҳәм де адвокатлар коллегияси | 42 500 | 30 800 |
| 93 | Жәмийетлик шөлкемлер | 14 300 | 10 000 |
| 94 | Қоймаханалар (склад) | 49 300 | 35 500 |
| 95 | Мәмлекетлик шөлкемлер ушын офислер | 21 400 | 15 100 |
| 96 | Жеке меншик шөлкемлер ушын офис | 77 200 | 55 400 |
| 97 | Архив хызметлери | 21 400 | 12 600 |
| 98 | Баспахана ҳәм редакция жумыслары | 28 400 | 20 200 |
| 99 | Металлом ҳәм екилемши қағаз өнимлерин жыйнаў орынлары | 28 400 | 20 200 |
| 100 | Лабораториялар (Медициналық хызметлерден тысқары) | 35 250 | 25 100 |

*Түсиндирме: Мәмлекет мүлкин ижараға бериўде жеңилликлер ҳәм преференциялар қолланыўы нызамшылықта белгиленген тәртиплерде әмелге асырылыўы мүмкин.*

** Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 02.09.2023-жылдағы “Мәмлекетке тийисли суў ҳәўизлерин исбилерменлик субъектлерине “Е-аукцион” электрон саўда платформасы арқалы ижараға бериў тәртиби ҳаққындағы қағыйданы тастыйықлаў ҳаққында”ғы 441-санлы қарарына тийкарланып қосылған хызмет түрлери.*

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президиумының
2026-жыл «27» Январь
508- санлы қарарына
2-қосымша

**Мәмлекетлик көшпес мүлкинен пайдаланғанлығы ушын ижара төлеминиң ең кем ставкаларына қолланылатугын**
**КОЕФФИЦИЕНТЛЕР**

Ижара төлемлерин есаплаў ҳәм өсиўши коеффициентлер төмендеги формулаға муўапық есапланады:

Qs = Ms x Kz x (Ks + Kt +Ku)

Qs – ижара төлеминиң 1 жылға 1 м.кв. ушын таяныш ставкасы

Ms – ижара төлеминиң 1 жылға 1 м.кв. ушын ең кем ставкасы

Kz – аймақлық зоналарын есапқа алыў коеффициенти

Ks – қурылыс түрине қарап коеффициент (бөлек жайласқан Имәрат, Имәратқа қосып қурылган, Имәраттың төбеси, чердак, ярым жер төле, жер төле)

Kt – қоңсылас аймақтан пайдаланыў коеффициенти

Ku – коммерциялық мақсетлерде пайдаланыў қолайлықлары (бас автотранспорт жолының бойында жайласқан, екинши дәрежели жол бойында жайласқан ҳәм т.б.) коеффитсиенти.

1. Аймақлық зоналарды йесапқа алыў коеффитсиенти:

| Қ/с | Аймақлық зоналар | Өсиўши Коеффициент |
|---|---|---|
| 1 | 2-категория | |
| 1.1 | Нөкис қаласы<br>Қоңырат районы | 2,5 |
| 2 | 3-категория | |
| 2.1 | Беруний районы<br>Қараөзек районы<br>Тақыятас районы<br>Төрткүл районы<br>Хожели районы<br>Шымбай районы<br>Елликқала районы | 2,0 |
| 3 | 4-категория | |
| 3.1 | Әмиўдәрья районы<br>Нөкис районы | 1,8 |

| | | |
|---|---|---|
| 4 | 5-категория | |
| 4.1 | Бозатаў районы<br>Кегейли районы<br>Қанлыкөл районы<br>Тахтакөпир районы<br>Мойнақ районы<br>Шоманай районы | 1,5 |

| Объекттиң жайласқан орны ҳәм түрлери бойынша | Қолланылатуғын коеффициентлер | |
|---|---|---|
| | Нөкис қаласында | Районларда |
| Уялы байланыс қурылмалары ушын (Кз) | 2,0 | 2,0 |
| Уялы байланыс антенналары ийелген техник майданшалар ушын | 2,0 | |

Объекттиң қурылыс түри бойынша коеффициент – (Ks)

| | | |
|---|---|---|
| - Бөлек жайласқан имаратлар бойынша | 2,0 | 2,0 |
| - имарат ишинде ямаса қосып қурылган имарат бойынша | 1,5 | 1,5 |
| - ярым төле ҳәм жер төле ханалары, чердак, подвал ханалары бойынша | 1,0 | 1,0 |
| - имараттың жоқарғы тәрепиндеги қурылмалар бойынша | 1,2 | 1,2 |

Қоңсылас аймақтағы жер майданынан - коеффициент Kt

| | | |
|---|---|---|
| Техник майдан, дийханшылық мақсетинде пайдаланатуғын - коеффициент Кт | 2,0 | |
| Айўан (коридор) | 0,3 | 0,2 |

Коммерциялық мақсетлерде пайдаланыўда қолайлылық - коеффициент Ku.

| | | |
|---|---|---|
| - автотранспорт жоллары, орайлық көшелер бойлап (халықтың көп ҳәм көп жүретугын аймақлар) | 1,2 | 1,2 |
| - екинши дәрежели автотранспорт жоллары (мәҳәллелер ҳәм ишки көшелер, көшелер бойлап) | 1,2 | 1,2 |
| - имаратлардың жоқарғы бөлиминдеги уялы байланыс антенналары орнатылған қурылмалар ушын | 1,5 | 1,5 |

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президиумының
2026-жыл «27» январь
568 - санлы қарарына
3-қосымша

**Санаат зоналары аймақларындағы мәмлекет көшпес мүлкин 2026-жылда ижараға бериўде 1 кв.метр ушын қолланылатуғын ижара төлеминиң ең кем ставкалары**

Aymaqlıq zonalar *(QQS penen birge)*

| 1-категория | 2-категория | 3-категория | 4-категория | 5-категория |
|---|---|---|---|---|
| 120 000 | 105 000 | 80 000 | 60 000 | 40 000 |